# Maererano nezve Islam

**Islam chitendero chakagara chiripo uye inzira yehupenyu yakakwana. Inokurudzira kuti munhu ave anopa kodzero chaiyo pahukama hwake neMusiki (Mwari). Inodzidzisa zvakare kuti munhu anofanira kutsvaka mufaro chaiwo wekupedzisira pamwe nerunyararo zvichiburikidza nekuva pedyo kwake naMwari, kutevera gwara rake uye nekuita mabasa akanaka.**

*Chiratidzo chikuru cheIslam pakusiyana kwacho nezvimwe zvitendero ndechekuti: Zita racho haribvi pane munhu kana rudzi Korani 19:35*

MaMuslim, vanokwana kuita chikamu chimwe muchishanu kubva pahuwandu hwevanhu pasi rose, izvo zvinoita kuti Islam inzi imwe yezvitendero zvikuru. Kutenda uye nekushumira kuna Mwari mumwechete wechokwadi ndicho chinangwa chehupenyu uye ndiwo musimboti we Islam.
'Islam' izwi rechi Arabhu rinoreva kuzvipira kuna Mwari ari oga wechokwadi. Munhu anozvipira muzvido zvake zvose kuna Mwari iyeye anonzi muMuslim uye anokwanisa kuva werudzi rupi nerupi zvaro

## Misimboti mitanhatu yekutenda

### 1.Kutenda muna **Allah (Mwari):**

"Allah" izita rechi Arabhu rinoreva Mwari Mumwechete wechokwadi. Allah havana murwisi, kana mubatsiri, kana akafanana navo, kunyange vana kana vabereki. Haana kufanana nezvesikwa zvake, sezvo hapana zvinogoverana navo pahumwari hwavo kana pachimiro chavo. Mamwe emazita avo nechimiro chavo anosanganisira: Musiki, aneNyasha zhinji, Wekumusoro soro, Samasimba, Muyananisi, Mungwaru, Mupi weraramo, uye Muzivi wezvose.

Ndiye Musiki neMupi weraramo kuzvisikwa zvose. Ndiye akatipa makomborero asinga verengeke, somufananidzo; nhengo dzatakapiwa dzokunzwa, kuona, kana kufunga nadzo, uye nekuva tinokwanisa kufamba, kutaura nekuita zvinhu zvine pundutso. Naizvozvo tinofanira kuzvigamuchira nekutenda uyewo nekushumira iye Mwari woga zvichiburikidza nekutevera dzidziso dzake.

Mhedzisiro chaiyo inofanira kuva yekuti, Nyika ino yakadai kubatana uye yakaenderana haingakwanise kuvapo kunze kwekutoti pane Samasimba ane Hungwaru akaita kuti ivepo. Naizvozvo hadzisi pfungwa dzakarurama kana munhu achitenda kuti nyika yakazvisika yoga, kana kuti pane chiitiko chakangoitika yakabva yavapo.

### 2.Kutenda **muNgirozi:**

Ngirozi dzakasikwa kubva pamwenje, uye dzine mabasa adzakapiwa, hadzikwanise kusateerera Musiki wadzo. Zvizhinji maererano nedzimwe ngirozi dzacho dzakataurwa, semufananidzo weNgirozi inonzi: Gabrieri iyo yaienda nemashoko aAllah kune Vatumwa, uyewo neNgirozi yerufu iyo inebasa rekutora mweya yevanhu.

### 3.Kutenda **mumabhuku akazarurwa:**

Allah akatumira magwaro anoera kuVatumwa vake ari segwara nenyasha kuvanhu. Mabhuku aya, anosanganisira Tora neVhangeri akatumirwa kuna Moses naJesu, uyewo neKorani rakatumirwa kuna Muhammad (Rugare Ngaruve Kwavari vose).
Korani ndiro shoko chairo raAllah uye riri gwaro rekupedzisira rakatumirwa kuvanhu vose. Kune zviratidzo zvakawanda neminana yakawanda inoratidza kuti rakabva kuna Allah, mimwe yemifananidzo yacho inosanganisira:
* Mashoko epasi rose, akanyorova uye matsvene anokurudzira munhu kuti abatisise kutenda kwemusiyiranwa kuna Mwari oga.
* Mutauro woga unozivikanwa pasi rose sedzinde remutauro chaiwo wechiArabhu nekutapira kwawo. Naizvozvo tinoona kuti Korani iri rakazarurirwa kuna Muporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) uyo aizivikanwa nenhoroondo kuti akange asina kudzidza.

* Ongororo zhinji dze Sainzi dzakaongororwa ikozvino, iro Korani rakataura kare nezvazvo kwemakore anodarika 1400.
* Kuchengetedzwa kwaro kubvira pa izwi roga roga, sezvo rakazarurwa nemutauro waro chaiwo wechiArabhu, izvo zvinopesana nemamwe magwaro ayo akakanganiswa, kuchinjinurwa kana kurasika.

*Mumwe munana weKorani ndewekuti harina kupokana mukati maro kana pakakanganiswa*

Tsanangudzo yakakura maererano nepfungwa yeminana yeKorani ndeye kuti rinokwanisa chete kuva shoko rinobva kuna Mwari. Richisanganisira nhaurwa uye mabasa aMuporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari). Aya ndivo mavambo edzidziso yeIslam.

### 4.Kutenda **muVaporofita:**

MaMuslim vanotenda kuti Mwari vakatumira zviuru nezviuru zveVaporofita, zvichireva kuti rudzi nerudzi rwakatumirwawo mumwechete, kuzoparidzira shoko raMwari. Vaporofita ava vanosanganisira Adhamu, Noah, Abrahamu, Davidi, Josefa, Mosesi, Jesu uye Muhammad (Rugare Ngaruve kwavari vose). Vakatumwa kuzodzora vanhu kuti vave vanoshumira Mwari Mumwechete chete wechokwadi, kuva semifananidzo chaiyo pakuteerera Mwari, uye kutungamirira vanhu kunzira yeruponeso. Vaporofita ivavo havana mugowo wavainavo pahuMwari, nokudaro munamato uchaitwa kune mumwechete weVatumwa ivavo, kana kuti uchaitwa kuna Mwari kuburikidza neVatumwa ivavo haubvumirwe zvachose uye kutyora kodzero dzaivo Mwari dzokuti vanofanira kunamatwa ivo vari voga.

#### - Muporofita **Jesu**

MaMuslim vanotenda kuti Jesu akange ari Muporofita anoremekedzwa waMwari, akazvarwa nenzira yemunana na amai vake Mhandara yainzi Maria. Akaita minana yakawanda chaizvo nemvumo yaMwari, iyo yakafanana nekuponesa varwere, kuonesa mapofu, uye kutaura kwake ari kacheche achidzivirira amai vake kubva pamhosva yavaipomerwa. Haatorwe semwanakomana waMwari, kana kuva mumwe pahutatu hwaMwari, uye haana kana mugowo waainawo pachimiro chaMwari.

*Mwari vanoti: 'hazvifanire kuti Mwari ave nemwanakomana, kuremekedzeka ndekwake, akada kupa mutongo, anongoti 'Ngachiitike' chinobva changoitika ...'Korani 19:35.*

#### - Muporofita **Muhammad**

Muporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) ndiye Muporofita wekupedzisira akatumwa kune vanhu vose zvavo. Akauya neKorani kuzoratidza maitirwo edzidziso dzaro, uye akava mufananidzo wakakwana wemunhu anovimbika, anoyananisa, ane tsitsi nenyasha, anotaura chokwadi uye akashinga. Zvakango fanana naJesu, maMuslim havanamate Muhammad

### 5.Kutenda **muzuva rekutongwa:**

Zuva rekutongwa chiitiko chichaitika apo mumwe nemumwe wedu achamira pamberi peMusiki wedu, achibvunza maererano nezvemabasa edu akanaka uye neakaipa, naizvozvo basa rose ratakaita ringave riri diki zvakaita sei richabvunzwa nezvaro.

Pazuva guru iri, Mwari, Muyananisi, vachatonga nyaya dzose zvakarurama, hapana munhu achatadzirwa. Kodzero dzose dzichadzorerwa kuvaridzi vadzo, Vachaenzanisa pakutonga kwavo apo vachazopa mubairo weParadhiso kana kuti rushamhu rweGehena.

*Kana pasina zuva rekutongwa hupenyu hunenge husina kuenzanisa sezvo havazi vose vanowana ruenzaniso panyika ino*

### 6.Kutenda **muhurongwa hwaMwari:**

Allah vanoziva zvose zvakaitika kare, zvirikuitika ikozvino, uye izvo zvichaitika mberi. Mwari vanemasimba pane zvinhu zvose – hapana chinoitika vasina ruzivo nezvacho kana kuchibvumira.

Munhu akapuwa sarudzo kuti agova anozvisarudzira pakati pezvakanaka nezvakaipa, uye Mwari vanozotonga maererano nesarudzo yemunhu.

Iyo sarudzo yakapuwa munhu haipesane zvachose nepfungwa yekuti zvinhu zvinongoitika chete neruzivo rwaMwari nemvumo wake. Hazvireve kuti simba raMwari pane zvinhu zvose rinodzivirira kana kuganhura sarudzo yevanhu. Ruzivo rwaMwari pasarudzo yevanhu harureve kuti varikumanikidzirwa kuita sarudzo yavo iyoyo, Mwari kazhinji havafarire zvose zvavanenge vabvumira kuti zviitike.

## Mapango mashanu

# Eku Shumira

Rusvingo rwehupenyu wemuMuslim

### 1. Mhiko yekutenda:

**Mhiko yekutenda iyi, kupa uchapupu kuti hapana wandichanamata pachokwadi kunze kwaAllah, uye kuti Muhammad Mutumwa wake.**

**Izvi zvinofanira kubva mumwoyo wakagutsikana uine kutenda kwakadzama, zvichiteverwa nemabasa. Nemhiko iyi, munhu anoramba vanamwari vose vemanyepo, uye achitsigira kuti Allah ndivo Mwari chete vanofanira kunamatwa pachokwadi, uye achigamuchira Mutumwa wake wekupedzisira, naizvozvo anobva ava muMuslim.**

### 2. Minamato mishanu pazuva:

*Minamato mishanu inomanikidzirwa panguva yemambakwedza, Masikati, madeko, zuva richangonyura, uye husiku pazuva roga roga*

**Munamato unoumba hukama pahunhu nepamweya pakati pemaMuslim neMusiki wavo. Uye iyeuchidzo yenguva dzose inoyambira nezvemabasa emunhu ekuteerera.** **Munamato woga woga unotora nguva shomanana chaizvo, uchisanganisira kuverengwa kwendima dzemuKorani, kunyengetera, kurumbidza Allah uye nemaitiro akati kuti. Pakugadzirira munamato, MuMuslim ane nhengo dzemuwiri wake dzaanoshambidza dzakafanana nezviso nemaoko, kunova kuri kuzadzisa kushambidzika kwemweya nemuwiri.**

### 3. Zvipo zvevarombo pagore:

**Chipo chevarombo pagore chinomanikidzirwa kune muMuslim anenge akwanisa zvinodiwa zvakafanana nekuva nehupfumi hunenge hwadarika pachikamu chakatarwa.**

**Zvikamu zviviri nechidimbu kubva muzana, pahupfumi wemunhu zvinopiwa kune avo vakafanira kupiwa vakafanana nevanotambura, avo vanoda rubatsiro, neavo vane zvikwereti. Chipo ichi chinochenura hupfumi hwemunhu uye chiine zvinhu zvakawanda zvinobatsira mupi uye mutambiri. Rubatsiro rumwe nderwekuti chipo ichi chinodzora gwanza riri pakati pevapfumi nevarombo, izvo zvinoita kuti munhu wese akwanise kuwana ndaramo.**

### 4. Kutsanya pagore:

*Mwedzi weRamadhan mwedzi wepfumbamwe pakarenda re Islam*

**Gore roga roga mumwedzi weRamadhan, maMuslim vanotsanya kubva panguva yemambakwedza kudzamara zuva ranyura, apo vanozvinyima zvekudya, zvekunwa, uye** **avo vakaroorana vasinga sangani pabonde. Izvozvo zvinochenura mweya, zvichidzidzisa kutsungirira uye nekubatsira zvikuru pahutano.**

### 5. Kushanya:

*Vashanyi vose vanopfeka zvakafanana uye zvirinyore izvo zvinobvisa pamunhu nyaya yechinzvimbo nerudzi kuitira kuti vave vakaenzana pamberi paAllah*

**Kushanyira guta rinoera reMakkah, munyika yeSaudi Arabia, irwendo runofanira kuitwa nemuMuslim kamwechete pahupenyu hwake, ndokunge aine hutano uye nehupfumi.** **Rwendo urwu runoitika gore roga roga mumwedzi wegumi nemiviri pakarenda rechiIslam, ruchibatanidza vanhu vose kubvira kumarudzi akasiyana siyana, nezvinzvimbo uye nemizera yakasiyana siyanawo, apo vanosangana vose mukushumira Mwari mumwechete wechokwadi. Rwendo runokosha urwu runosanganisira zvakawanda zvakafanana nezvipiriso, kushanya, nekunamata munzvimbo dzinoera dzakasiyana-siyana. Kuita zvakadaro kunosandura hupenyu, uye zvichininipisa munhu, zvichiita kuti vave vanhu vanotsungirira uye vanotenda.**

## Pfungwa ye

# Kushumira

Basa rose rinofadza Allah

**Pfungwa yeKushumira yeIslam haigumiri badzi pamapango mashanu. Kushumira, izwi rinosanganisira mabasa ose anoitwa anofadza Mwari. Mabasa anoitwa nemunhu zuva roga roga anokwanisa kutorwa seKushumira Mwari kana munhu amaita akachenura chinangwa chake nekuva nechokwadi chokuti basa raarikuita rinoenderana nezvinodiwa naMwari. Mimwe yemifananidzo yacho inosanganisira kunyemwerera, kuva munhu akanaka kune muvakidzani wako, kuva nerutsigiro kumhuri yake, kuvimbika, kunyange kubvisa marara munzira. Zvinofanira kuzivakanwa kuti Allah havadi minamato yaani naani wedu, asi kuti isu ndisu tinoda Allah, uye minamato yedu inobatsira isusu**

# MHEDZISIRO

**Dzidziso dzataurwa pamusoro maererano nokutenda uye nemabasa ekushumira zvinoumba** **kukosha kweIslam. Kana dzikateedzerwa, Islam inozadzisa zvido zvevanhu zvepamweya, pamuviri, papfungwa nemuchita, uye inzira yohupenyu inoteedzereka yakakwana. Pamusoro pezvo, Ndiyo chete nzira yehupenyu inotambirwa naMwari, uye ndiyo nzira chete inotungamirira kuhupenyu usingaperi hweku Paradhiso.**

*"Kune wese achaita mabasa matsvene, mukadzi kana murume, iye ari mutendi, chokwadi tichaita kuti ave anorarama hupenyu hwakanaka, uye chokwadi tichavapa mibairo yavo [pahupenyu hwemangwana] zvichienderana nemashandiro avaita ..."* Korani 16:97

**_For more Islamic materials_**

*Live chat and more: **www.islamtomorrow.com/***
*Many Islamic videos online: **www.thedeenshow.com***
*Free Islamic online books: **www.islamic-invitation.com/***
*Free of charge Islamic books: **www.islamic–message.net/cims/default.aspx***
*AHLAN : **www.ahlan-group.com***
***www.facebook.com/Ahlan.Explore***

## Maererano nezve

# Islam



## Nhanganyaya Muchidimbu


Conveying Islamic Message Society
P.o.Box 834 - Alex - Egypt
E-Mail:info_en@islamic-message.net
E-mail:cims_eg@yahoo.com
Site: www.islamic-message.net
Not for sale يهدى ولا يباع


مقدمه موجزة عن الاسلام
باللغة الشونا